


Aprann plis sou

SIFILIS

MALADI

Se yon enfeksyon ki koze pa yon bakteri yo rele *Treponema pallidum*, ki ka transmèt lè gen relasyon seksyèl san pwoteksyon ak yon moun ki gen maladi a. Nan kòmansman maladi a, yon blesi sèl parèt, sitou sou pati jenital oswa nan bouch. Li pa fè mal, li pa grate, epi li disparèt poukont li, men sa pa vle di ou geri.



DYAGNOSTIK

Paske sentòm yo ka disparèt ak tan, ou pral sèlman konnen si ou gen maladi a si ou fè yon prelevman san oswa yon tès rapid.

Egzamen sa yo disponib nan tout Inite Debaz Sante (UBS), CTA ak SAE nan São Paulo.

TRETMAN

Tretman sifilis fèt sitou ak penisilinin benzatin (benzetasil) e pwofesyonèl swen sante dwe gid ou pandan tretman an.

Aprè tretman konplè, li enpòtan pou kontinye swiv ak fè egzamen pou asire ou geri.



FANM ANTAN


Lè yon fanm ansent gen sifilis, bakteri a ka pase bay tibebe a pandan gwasès oswa pandan akouchman.

Menm si maladi a pa vizib, li ka nan san fanm ansent lan, li ka transmèt bay tibebe a epi lakòz pwoblèm nan sistèm nève, nan zòrèy ak nan je. Se sèlman ak yon egzamen ou ka konnen! Fè swen pre-natal ou jan sa dwe ye!



PREVANSYON

Itilizasyon kapòt gason oswa fanm ka ede anpeche sifilis. Si ou ansent oswa patnè seksyèl yon fanm ansent, ou dwe plis vijilan, fè tès la epi swiv konsèy pwofesyonèl sante a!



SEABEVS

Secretaria de Laboratório,
Bem-estar Social,
Epidemiologia e
Vigilância em Saúde



PREFEITURA DE
SÃO PAULO

Pran swen tèt ou!

Chèche yon Inite Debaz Sante (UBS) epi fè tès la. Li rapid epi sekirize!

Pa enkyete w, sifilis geri! E ou ka pran tretman nan UBS!